

Biwo Pwokirè Jeneral

The Capitol, PL-01 • Tallahassee, FL 32399-1050
Office: (850) 414-3300 • Fax: (850) 487-1595 or (850) 487-2625
Men adrès nou sou entènèt: <http://myfloridalegal.com>



FÒM REKLAMASYON DEDOMAJMAN POU VIKTIM

Ou kapab jwenn plizyè modèl dokiman sa-a si ou mande. Pou yo ba ou asistans, telefòn san peye "Victim Services Information and Referral Line" nan nimewo: 1-800-226-6667. Moun soud sèvi ak "TDD Florida Relay Service" nan nimewo 1-800-955-8771.

Men kijan pou sèvi ak dokiman sa a

Tanpri li dokiman sa-a byen pou konprann kondisyon pou yo aksepte ou nan pwogram nan. Kondisyon yo ekri nan do paj la anba "Eligibility Requirements".. Ou dwe ranpli fòm yo (ekri ak gro lèt). Mete tout dokiman yo ansanm epi voye yo nan adrès ki make anwo papye sa-a. Si adrès ou chanje, voye nouvo adrès la nan Biro sa-a tou. Nou pral verifeye dosye kriminel chak viktim ki prezante yon reklamasyon pou dedomajman.

MAKÉ "X" DEVAN KI DEDOMAJMAN OU AP MANDE:

ENFIMITE — Dedomajman pou viktim ki pral rete enfim tout lavi nèt. (Vini ak deklarasyon doktè ki sètifye moun nan ap rete enfim nèt.)

PÈT SOU SALÈ — Dedomajman pou viktim ki pèdi lajan salè li akòz krim nan.

LAJAN POU SIPO FANMI AN — Dedomajman pou fanmi viktim ki mouri akòz yon krim si viktim nan te ap travay lè a.

DEPANS — Peman oubyen ranbousman anfavè viktim nan pou depans akòz yon krim, tankou salon fineray, lanfèman, depans doktè, dantis, konseye pou sante mantal, preskripsyon, linèt, fo dan oswa lòt protèz ki domaje ki pèdi oswa ki vin nesèsè apre yon krim. (Tache resi a nan fòm nan.)

SALON FINERAY/ LANTÈMAN DANTIS KONSEYE SANTE MANTAL

ASISTANS POU KA IJANS — ranbousman dokimante pou pèt salè oswa depans pèsònèl akòz krim nan (Tache resi yo sou fòm sa a.)

EFÈ PÈSONÈL KI PÈDI — Pou grannoun aje (60 an oubyen plis) ak granmoun andikape akòz zak kriminel oubyen zak malveyan fè yo pèdi efè pèsònèl yo, tache yon resi oubyen yon estimasyon sou papye ofisyèl moun ki founi ou sèvis oubyen yon magazen ki ba ou resi.

ASISTANS POU DEMENAJE AKOZ VYOLANS DOMESTIK — Pou viktim abi nan kay ki ap mande asistans chanje kay pou chèche plis sekirite. Reklamasyon sa-a valid ak sètifikasyonabri oswa azil la.

Seksyon 1. Enfòmasyon Sou Viktim Nan (ekri ak gwo lèt)

NON VIKTIM NAN (make siyati a, non an, epi si gen yon lòt non tou)			DAT NESANS / /				
ADRÈS			IMEL				
VIL	ETA	ZIPKÒD	NIMEWO SOSYAL				
TELEFÒN TRAVAY ()		LÒT TEL. KOTE YO KA JWENN OU / TELEFÒN LAKAY ()					
LÒT ENFÒMASYON SA YO SE POU DOSYE GOUVERNMAN FEDERAL LA, OU PA OBLIJE BAY YO.							
RAS:	<input type="checkbox"/> BLAN	<input type="checkbox"/> NWA	<input type="checkbox"/> PANYÒL	<input type="checkbox"/> ENDYEN	<input type="checkbox"/> AZYATIK	<input type="checkbox"/> LÒT RAS:	
SÈKS:	<input type="checkbox"/> GASON	<input type="checkbox"/> FI	ÈSKE OU TE DEJA ENFIM ANVAN KRIM NAN?		<input type="checkbox"/> WI	<input type="checkbox"/> NON	
REKLAMASYON AN SE POU			<input type="checkbox"/> YON VIKTIM KI MOURI	<input type="checkbox"/> TIMOUN KI BLESE	<input type="checkbox"/> TIMOUN KI TEMWEN MEN KI PA BLESE	<input type="checkbox"/> YON ENVALID	<input type="checkbox"/> YON VYE GRANMOUN OSWA YON GRANMOUN ENFIM
NON MOUN KI PREZANTE REKLAMASYON AN (siyati, non, lòt non)			DAT NESANS / /				
ADRÈS			ADRÈS IMEL				
VIL	ETA	ZIPKÒD	NIMEWO SOSYAL				
TELEFÒN LAKAY ()		TELEFÒN TRAVAY/ LÒT TEL. KOTE YO KA JWENN OU ()		KI SA LI YE POU WOU?			

Seksyon 2. Enfòmasyon Sou Lòt Sèvis Ki Bay Konkou

Bay enfòmasyon sa yo si se yon moun ki ede ou ranpli aplikasyon sa a:

NON MOUN KI AP EDE W RANPLI APLIKASYON SA A (siyati, non, lòt non)	ADRÈS IMEL
NON AJANS OSWA ÒGANIZASYON KOTE MOUN SA A AP TRAVAY	
ADRÈS AJANS LA (adrès, vil, eta, zip)	NIMEWO TELEFÒN

Seksyon 3. Enfòmasyon Sou Enfimite Ak Pèt Lajan Salè

Voye yon kopi souch chèk salè ou oubyen yon deklarasyon lajan ou fè, pou montre ki valè lajan ou te ap touche lè krim nan fèt. Si ou travay pou pwòp tèt pa ou, voye yon kopi dènye rapò "Enkòm taks ou" ("Income tax return" ak "schedule C". Akòz krim nan, si ou pèdi plis pase senk jou (5) travay, voye lèt yon doktè ki deklare ki degre enfimite a.

NON SIPÈVIZÈ (travay la)	NIMEWO TELEFÒN
NON KONPAYI A/BIZNIS LA (si gen plis pase yon anplwayè, silvoupilè voye yon lòt list an plis)	
ADRÈS KONPAYI A (adrès, vil, eta, zipkòd)	
ÈSKE ASIRANS KOUVRI LAJAN SALÈ KI PÈDI A? <input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON	ÈSKE KONPANSASYON POU TRAVAYÈ KOUVRI LAJAN SALÈ KI PÈDI A? <input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON
ÈSKE DEDOMAJMAN POU AKSIDAN NAN TRAVAY LA PEYE POU JOU OU PA TRAVAY YO? <input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON	

Seksyon 4. Enfòmasyon Sou Asistans Ou Pèdi

Anba a make non, dat nesans fanmi ki sou kont viktim ki mouri a: madanm, papa ak manman, frè ak sè, pitit. Voye kopi dènye enkòm taks moun ki mouri a oswa lòt dokiman ki deklare non moun ki sou kont li.

NON MOUM KI SOU KONT LI	DAT NESANS	KI SA LI YE POU OU
_____	_____	_____
_____	_____	_____
_____	_____	_____
_____	_____	_____

Seksyon 5. Enfòmasyon Sou Depans

Fè yon lis non ak nimewo telefòn doktè, lopital, konseye pou sante mantal kote yo te trete viktim nan ansanm avèk tout depans sa-a te mande. Si viktim nan mouri, bay non ponp finèb ki fè lantèm an ansanm avèk tout resi lajan ki depanse pou sa-a. Bay tout lòt depans ki te nesèsè ankò.

Seksyon 6. Enfòmasyon Sou Efè Pèsonèl Ou Pèdi

Bènefis sa-yo disponib sèlman pou granmoun ki andikape ak sa ki gen plis pase 60 an. Voye resi, oubyen papyè yon magazen ba ou, ki make pri yo evalye kisa ou pèdi a oubyen kisa ki kraze lè krim nan te fèt la. Rapò lapolis ba ou a dwe idantifye tout atik ou

7. Enfòmasyon Pou Moun Ki Oblije Demènaje akòz Vyolans Domestik

Ranpli 2 Èm Seksyon An Nèt

Bènefis sa-yo disponib sèlman lè ou ranpli aplikasyon nanabri kont voylans domestik Leta rekòtè, epi ou ranpli aplikasyon an nan 30 jou apre zak la fèt.

Seksyon 8. Enfòmasyon Sou Asirans

ÈSKE GEN ASIRANS KI POU EDE DEPANS NOU NAN KA SA A? WI NON NIMEWO MEDIKED OU _____

Si ou reponn Wi, bay papyè asirans yo, Medicaid, Medicare, asirans vi, asirans kay, asirans machin, oswa asirans maladi ou genyen. Tache tout deklarasyon ki an rapò ak esplikasyon bènefis asirans.

1. NON KONPAYI A		NIMEWO KONTRA A	NIMEWO TELEFÒN
ADRÈS	VIL	ETA	ZIPKÒD
2. NON KONPAYI A		NIMEWO KONTRA A	NIMEWO TELEFÒN
ADRÈS	VIL	ETA	ZIPKÒD

Seksyon 9. Enfòmasyon sou avoka ou.

ÈSKE OU ASIYEN OUBYEN ÈSKE OU FÈ LIDE ASIYEN POUTÈT SA_A KI RIVE OU LA? WI NON

NON AVOKA A

NIMEWO TELEFÒN
()

ADRÈS

ADRÈS IMEL

VIL

ETA

ZIPKÒD

Seksyon 10. Enfòmasyon Sou Krim Nan

Reponn tout kesyon sa-yo epi mete yo ansanm ak rapò ofisyèl la si genyen.

ÈSKE TE GEN RAPÒ OFISYÈL SOU KRIM NAN, NAN LESPAS 72 ÈDTAN? WI NON SI OU REPONN NON, BAY ESPLIKASYON _____

DAT KRIM NAN

DAT YO FÈ RAPÒ OFISYÈL LA

KI KOTE RAPÒ A FÈT

KI KOTE KRIM LA FÈT (bay adrès, vil, konnti)

KI KALITE KRIM LI YE

NIMEWO RAPÒ POLIS LA

NON POLIS LA

NON MOUN KI FÈ KRIM NAN (si yo konnen li)

ÈSKE YO ARETE KRIMINÈL LA? WI NON

ÈSKE YO ALE NAN JIJMAN POU KA SA-A? WI NON

SI REPONS LA SE WI, BAY DAT LA

NON ASISTAN AVOKA LETA A KI AP OKIPE KA A/ NIMEWO DOSYE A NAN JIJMAN

NIMERO KA TRIBINAL LA

SI SE APRE 1 AN YO FÈ DEKLARASYON KRIM SA-A, ESPLIKE POUKISA YO KITE TOUTAN SA-A PASE. _____

SILVOUPLÈ, PRAN SAN NOU POU LI DEKLARASYON SA-YO EPI SIY

Seksyon 11.

SEKRÈ: Si ou viktim yon kadejak, si yo fè abi sou yon timoun, si yo plede suiv ou kote ou ale, si yo plede pèsekite ou anba jouman, anba mènans, ou gen dwa mande pou yo kenbe sekre adrès ak nimewo telefòn lakay ou, adrès ak nimewo telefòn travay ou, kote ou anrejistre papye ak lòt byen enpòtan ou genyen, pandan 5 an. Si ou viktim youn nan krim sa-yo, make kisa ki rive ou sou papye sa-a. Repons ou founi pa deranje anyen nan reklamasyon ou prezante devan lajistis.

Mwen vle pou yo kenbe enfòmasyon sa-yo sekre.

Mwen pa vle pou yo kenbe enfòmasyon sa-yo sekre.

GRO PROBLEM NAN AFÈ LAJAN: Mwen sètifye mwen genyen gro problèm lajan e mwen pa gen lòt mwayen peye depans ki kònekte ak krim-nan.

SIFIKASYON SOU BAGAY KI PÈDI: Mwen sètifye ke propriyete an kesyon an se byen viktim nan ; ke pèt sa afekte kalite lavi viktim nan anpil ; ke pa gen lòt sous ranbousman pou sa ki pèdi a ; e pi ranplase sa ki pèdi a ta koute viktim nan trop.

PEMISYON POU BAY ENFÒMASYON: Mwen bay pèmasyon pou ajans ak moun sa-yo resevwa enfòmasyon sou ka mwen si yo mande: lopital, doktè, dantis, konseye mantal, teknisyen ki bay tretman, labank, biwo polis, biwo prizon, ofis avoka leta, konpayi asirans, avoka epi bès mwen. Yo gen dwa bay enfòmasyon sou tretman yo ban mwen, sou travay, sou asirans, sou moun mwen dwe. Yo ka bay Ofis investigasyon ak Depatman Afè Legal tout enfòmasyon yo bezwen pou reklamasyon mwen fè a. Depatman an gen pèmasyon mwen pou bay sèvis ki bezwen yo enfòmasyon sou reklamasyon mwen fè a.

OBLIGASYON RANBOUSMAN: Dapre kissa mwen konprann, program nan bay yon viktim asistans sa-a si moun nan pa gen okenn lòt mwayen, epitou mwen oblije ranbouse Crimes Compensation Trust Fund si mwen resevwa yon prim konpansasyon oswa lòt peman yon lòt kote akòz menm ensidan sa-a. Sa vle di, nenpòt lajan kriminèl la ta peye mwen, nan asirans, nan dedomajman, nan jijman, oswa prosè kont lòt moun ki enplike, mwen gen pou ranbouse program nan. Anplis, mwen dwe ranbouse tout lajan mwen resevwa an ijans pou peye Crime Compensation Trust Fund, si yo ta jwenn reklamasyon mwen pa valab. Ositou mwen konprann si reklamasyon mwen sispann, mwen pa elijib mwen oblije remèt tout lajan mwen te resevwa nan Crimes Compensation Trust Fund.

Enfòmasyon mwen founi, se laverite epi dapre mwen yo tout kòrèk.

Siyati moun ki fè reklamasyon an _____ Dat _____

(Fòk moun ki siyen an gen plis pase 18 an)


OFIS POU DEDOMAJMAN VIKTIM NAN FLORIDA
Men sa ki nesèsè pou yon moun kalifiè

- Viktim nan oubyen moun ki ranpli fòm reklamasyon an gen pou kolabore avèk moun ki reskonsab fè yo respekte Lalwa, avèk ofis avoka leta, avèk ofis Prokirè jènèral la.
- Krim la dwe rapote bay lapolis omwen 3 jou apre zak la fèt, amwenske gen rezon ki fè ke rapo te enreta.
- Ou dwe fè yon rapò 1 an apre jou krim nan fèt la, men si gen rezon valab ki te anpeche ou ale rapòte pandan 1 an, ou gen dwa pran 2 an pou rapòte. Yo fè eksepsyon pou timoun piti.
- Se pou viktim nan pa te fè anyen pou patisipe nan yon krim ki mennen lanmò ak domaje grav.
- Pou yo dedomaje viktim yon krim: pou gwo dega fizik, dega sikolojik, dega sikyatrik oubyen si gen lanmò. (Pafwa gen eksepsyon yo konsidere.)
- Moun ki pèdi efè pèsònèl: Moun ki gen 60 an oubyen ki aje oubyen ki andikape ki pèdi efè pèsònèl li poutèt yon zak ki fèt, leta ka ranbouse moun sa-yo pou bagay yo pèdi a
- Èd pou moun ki viktim vyolans domestik chanje kay tousuit: Moun ki viktim ki bezwen èd tousuit kite kay kote yo ap maltrete yo, leta kapab bay lajan pou ede lwe lòt kay. Moun sa-yo dwe al fè rapò omwen 30 jou apre ensidan an; fò yon biwo ki okipe zafè vyolansdomestik ki kalifye verifiye sitiasyon an.
- Yo fè rechèch sou dosye kriminèl tout moun ki viktim ak tout moun ki fè rapò nan Biwo enfòmasyon sou afè krim "Crime Information Center". Moun yo deja mennen devan lajistis kòm moun ki abitye komèt krim, moun ki abitye fè krim vyolan, ak moun yo deja detèmine kòm moun ki koupab ki abitye komèt krim, pa kalifye pou asistans leta.

(Plwaye fòm nan la a epi kachte l)



NO POSTAGE
NECESSARY
IF MAILED
IN THE
UNITED STATES



BUSINESS REPLY MAIL

FIRST-CLASS MAIL PERMIT NO. 663 TALLAHASSEE, FL

POSTAGE WILL BE PAID BY ADDRESSEE

OFFICE OF THE ATTORNEY GENERAL
DIVISION OF VICTIM SERVICES
THE CAPITOL, PL-01
TALLAHASSEE FL 32399-9914



(Plwaye fòm nan la a epi kachte l)

- Dedomajman Yo Ka Bay
- Pwogram Dedomajman Viktim ka bay asistans lajan si moun nan merite, oubyen si li pa gen okenn lòt kote ki kapab ede.
- Dapre lalwa Leta Florid, tout peman yon sant ki ede viktim resevwa se peman konplè.
- Moun yo detèmine ki kapab patisipe nan Pwogram pou dedomajman viktim pa nan peye pati konpayi asirans yo ta egzije yo peye a.
- Gen diferan kategori dedomajman viktim nan ka reklame ki mwens pase valè maksimòm nan, yo ka redui valè ki dispònib pou chak kategori sa-yo san avèti pesonn; tout depan sou valè kòb ki dispònib pou regle pwoblèm sa-yo.